

Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE KANDIDA PREZIDANSYÈL DEMOKRAT YO POU  
ANDOSE "PWOMÈS FÈ AMERIK PLIS AN SEKIRITE A"**

***Gouvènè Cuomo: "Se responsabiltè tout Demokrat yo pou bay pèp Ameriken an yon altènativ ki klè ak Prezidan Trump sou kesyon rayisans ak zam lan epi mete fen ak kanaj an mas sa a ki vini sistèm aktyèl la".***

***Cuomo Mande Kandida Prezidansyèl Demokrat yo pou Swiv Lidèchip New York Epi Fè Pase Lwa ki Pi Solid sou Sekirite Zam nan Nasyon an***

***Cuomo deklare Demokrat New York yo Pral Sèlman Sipòte yon Kandida avèk yon Pwogram Lwa sou Zam ki Klè epi Solid***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a kandida prezidansyèl Demokrat yo pou andose "Pwomès Fè Amerik Plis an Sekirite a", yon plan ki gen 4 pwen pou kenbe Ameriken yo an sekirite kont vyolans zam. Imedyatman apre fiziyad an mas orib yo nan El Paso, Texas ak Dayton, Ohio nan kòmansman semèn sa a, [Gouvènè Cuomo te kondane Prezidan Trump](#) epi ankouraje Kongrè Etazini an pou swiv lidèchip New York lan epi vote mezi siyifikatif sou sekirite zam. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te adopte lwa sou sekirite zam ki pi solid nan nasyon an, ki gen ladan Lwa sou Sekirite nan Zafè Minisyon ak Zam yo (Secure Ammunition and Firearms Enforcement Act, SAFE Act) an 2013, ki ap anpeche zam tonbe nan men moun ke yo te kondane pou enfraksyon yo ak moun ki gen maladi mantal yo, sa ki ap asire ke lavant zam prive yo sijè ak yon verifikasyon antesedan, entèdi chajè ki gen anpil kapasite yo ak fizi daso yo, epi ranfòse sanksyon kriminel pou itilizasyon zam ilegal yo.

**Pwomès Fè Amerik Plis an Sekirite a**

Gouvènè Cuomo te mande kandida prezidansyèl Demokrat yo pou sipòte mezi sou sekirite zam sa yo:

1. Rann ilegal fizi daso yo ak chajè ki gen anpil kapasite yo
2. Kreye yon baz done sou sante mantal pou anpeche moun ki malad danjerezman mantalman yo achte yon zam afe
3. Adopte verifikasyon antesedan inivèsèl yo pou fèmen brèch lavant zam prive yo
4. Adopte lejislasyon Drapo Wouj (Red Flag) lan pou anpeche moun ki reprezante yon risk pou tèt yo a oswa pou lòt moun yo pou yo pa achte zam afe

Aprè Trajedi Sandy Hook lan an 2013, Gouvènè Cuomo te pran mezi imedyatman nan pwomouvwa epi adopte SAFE Act lan, sa ki te adopte lwa sou kontwòl zam ki pi solid

nan nasyon an yo. Depi adopsyon SAFE Act lan, ofisyèl Eta yo te resevwa 139,371 rapò ki soti men pwofesyonèl sante mantal yo nan entansyon pou kenbe zam yo lwen moun ki gen maladi mantal ki gen chans pou "angaje yo nan kondwit ki pral lakòz domaj serye pou yo menm oswa pou lòt moun". Yo itilize rapò yo - ki reprezante preske 98,000 moun avèk yon dispozisyon mantal danjere potansyèl - pou avèti ofisyèl nan bay lisans lokal yo ki sispann oswa revoke lisans zam yo epi ankouraje ofisyèl fòs lapolis lokal yo pou retire zam yo pa remèt yo.

Eta New York te adopte lwa yo sa fè sis ane deja epi yo bay rezilta. Okenn dwa pwopriyetè legal zam yo pa te vyole men zam danjere, ki pa nesèsè yo soti nan lari yo epi moun ki malad danjerezman mantalman yo pa kapab achte zam yo. Eta New York se laboratwa a, nou bay eksperyans lan. Konye a fè sa nan tout nasyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)